



Pou Piblikasyon Imedya: 27/06/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO MANDE POU DOH ETA MENNEN ENVESTIGASYON SOU
POTANSYÈL EKSPOZISYON AK COVID-19 NAN GRADYASYON LEKÒL
SEGONDÈ A NAN WESTCHESTER AKOZ YON ETIDYAN KI RETOUNEN SOTI
FLORID**

*NYSDOH mande pou nenpòt moun ki te patisipe nan seremoni gradyasyon an
pou yo rete an karantèn*

*Gouvènè Cuomo pibliye nouvo Dekrè Egzekitif ki di ke anplwaye New York ki
volontèman vwayaje nan eta ki gen gwo risk yo apre 25 jen pa pral elijib pou
konje maladi peye COVID-19 la*

Li Dekrè Egzekitif 202.45 lan [isit la](#)

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te mande Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta a pou envestige sou potansyèl ekspozisyon ak COVID-19 la nan yon seremoni gradyasyon nan lekòl segondè nan Konte Westchester apre yon moun te fèk vwayaje soti an Florid epi ki te asiste seremoni an te kòmanse montre sentòm yo answit epi teste pozitif pou COVID-19 la. Depi lè sa a, kat moun anplis ki te asiste seremoni an epi ki te an kontak ak premye ka pozitif la te teste pozitif tou. Gouvènè a te pibliye yon nouvo dekrè egzekitif tou ki fè anplwaye New York ki vwayaje volontèman nan eta ki gen gwo risk yo apre 25 jen pa elijib pou konje maladi peye COVID-19 la.

"Nouyòkè yo te kontwole pwopagasyon viris san parèy sa a ak entelijans epi disiplin, epi pwogrè nou rive jodi a ilistre pa kantite nouvo ka ak ospitalizasyon yo ki bese", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Men, jan nou ap wè nan lòt eta yo ki te re-ouvri byen vit, pandemi a se lwen pou li rive nan bout li epi nou bezwen rete vijilan. Nou prepare pou fè tès agresif ak trase kontak ki obligatwa pou ralanti epi finalman kontwole nenpòt gwoup potansyèl nan nouvo ka tankou sa ki nan Konte Westchester a. Si nou pral kenbe pwogrè nou deja wè a, nou bezwen pou chak moun pran responsablite pèsònèl — Se poutèt sa mwen ap pibliye yon dekrè egzekitif ki di ke nenpòt anplwaye New York ki vwayaje volontèman nan yon eta ki gen gwo risk pa pral elijib pou pwoteksyon COVID nou te kreye yo dapre konje maladi peye a".

Envestigasyon sou potansyèl pwopagasyon COVID-19 nan Konte Westchester

Gouvènè a te mande NYSDOH pou li envestige potansyèl ekspozisyon ak COVID-19 ki asosye avèk yon seremoni gradyasyon sou volan Horace Greeley High School la ki te

fèt 20 jen nan Estasyon Tren Chappaqua nan konte Westchester. Yon moun ki te fèk vwayaje an Florid epi ki te asiste seremoni an te kòmanse montre sentòm yo answit epi teste pozitif pou COVID-19 la. Depi lè sa a, kat moun anplis ki te asiste seremoni an epi ki te an kontak ak premye ka pozitif la te teste pozitif tou. Tout moun ki te teste pozitif yo mete pwòp tèt yo an izolman aktyèlman. Anplis de seremoni gradyasyon an, etidyan an te patisipe nan yon evènman Lanwit sou Tèren (Field Night) ki pa gen rapò ak lekòl nan dat 20 jen an, ki te gen ladan tou adolesan ak granmoun ak elèv ki soti nan distri lekòl ozalantou yo. Moun ki te asiste seremoni gradyasyon an, evènman Lanwit sou Tèren, oswa evènman yo ki gen rapò ak gradyasyon an, ki te kontinye nan 21 jen an, yo ta dwe pwolonje peryòd karantèn yo jiska 5 jiyè.

Depatman Sante Eta New York ak Depatman Sante Konte Westchester ap travay avèk ofisyèl Horace Greeley yo pou idantifye tout moun ki te asiste seremoni gradyasyon an ak tout rasanbleman ki te vin apre yo kote yo te ka ekspoze. Pwogram Trasaj Kontakt Eta New York la pral trase kontak pou idantifye moun yo epi tout moun ki te asiste seremoni an oswa rasanbleman ki te fèt aprè yo ta dwe fè tès la.

Nan dat 14 jen, [DOH Eta New York te bay konsèy](#) pou asire nenpòt distri ki decide òganize yon seremoni gradyasyon respekte mezi pwoteksyon apwopriye ki gen ladan distans sosyal, limit sou kantite moun ki ka patisipe, mete kouvèti vizaj, ak lòt prekosyon. Yon pati nan repons konplè sante piblik la pral detèmine si yo te swiv konsèy la.

Nan kad sansibilizasyon sante piblik nou an, DOH Eta a ak DOH Konte a ankouraje tès pou nenpòt moun ki te asiste seremoni gradyasyon an oswa evènman Lanwit sou Tèren an epi ki ta ka vin an kontak ak yon moun ki enfekte. Pou enfòmasyon sou tès, tanpri kontakte founisè swen sante lokal ou a, oswa vizite <https://coronavirus.health.ny.gov/covid-19-testing>.

Dispozisyon Dekrè Egzekitif ki fè Nouyòkè yo vwayaje nan eta ki gen gwo risk yo pa elijib pou konje maladi peye COVID-19 la.

An akò ak karantèn obligatwa Gouvènè Cuomo te anonse dènyèman pou tout vwayaj kap vini soti nan pwèn cho yo toupatou nan peyi a, anplwaye yo pral renonse ak benefis yo peye konje maladi peye yo nan lwa konje maladi peye COVID-19 New York la si yo angaje yo nan vwayaj ki pa esansyèl nan nenpòt eta ki gen yon pousantaj tès pozitif ki pi wo pase 10 pou chak 100,000 abitan, oswa ki pi wo pase yon pousantaj tès pozitivite 10 pousan sou yon peryòd sèt jou an mwayèn. Dispozisyon sa a pa aplike si an plwaye a vwayaje pou travay oswa sou demann patwon an. Dispozisyon an gen ladan [Dekrè Egzekitif 202.45](#) ki reflekte dispozisyon ki egziste deja nan lwa a ki fè Nouyòkè yo pa elijib pou konje maladi peye si yo vwayaje nan nenpòt ki peyi ke yo deziyen kòm peyi ki gen alèt sante pou vwayaj nivo de oswa nivo twa ki soti nan Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention) yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)